



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 27 jen 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ROUTE 15 NAN KONTE STEUBEN RELE KOUNYE A INTERSTATE 99**

### ***Yon Pwojè \$235 Milyon te Konstwi yon Otowout nan Nòm Otowout Federal yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Route 15 pote non kounye a Interstate 99 ant Corning, Konte Steuben ak fwontyè Pennsylvania. Nouvo otowout la te louvri pou sikilasyon nan lotòn lane pase apre investisman \$235 milyon nan pwojè konstwiksyon otowout la ansanm ak pon yo. Otowout la te konstwi selon nòm otowout federal pou pèmèt li pote non Interstate 99 sa.

“Route 15 ki tounen nouvo Interstate 99 la se yon bèl nouvèl pou kominote ak biznis nan tout Southern Tier ak Rejyon Nò New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Konstriksyon yon avni pou woule ak gwo vitès ant New York ak zòn nan vwazinaj yo ap rann espedisyon ak vwayaj atravè rejyon nòdès la pi fasil ak pi efikas. Pwojè sa pral atire kokenn investisman ak aktivite ekonomik nan touris ak komès, epi mwen fyè pou m ede l vanse.”

Pwojè sa konplete dènye koneksyon nan yon pòsyon otowout kat vwa sou yon longè 80 mil ant I-86 nan Corning ak I-180 nan Williamsport, Pennsylvania. Nouvo segman ki fenk rele Interstate 99 la nan New York ak otowout kat vwa nan Pennsylvania ki kole ak li a pèmèt gen yon koridò transpò gwo vitès san rete ant de eta yo, sa ki fè espedisyon ant Kanada ansanm ak zòn nò yo vinn pi fasil ak eta ki nan sidès ak sant Atlantik.

Manm Komisyon Depatman Transpò Eta New York (NYSDOT) la, Joan McDonald, te di konsa, “Yon pwojè gwo sa kreye anpil dyòb pou moun nan kominote lokal la epi founi yon otowout modèn san danje pou sèvi rezidan, vizitè ak biznis. Non federal Intersate 99 la vle di nouvo wout la respekte pi wo nòm sekirite yo nan peyi a epi pral founi yon pòt pou rantre nan New York pou jenerasyon kap vini yo.”

Dènye faz \$31,1 milyon an te gen ladann konstriksyon sis pon sou Route 15 nan vil Lindley. Sis pon yo kouvri twa wout lokal ak twa ti rivyè pou konekte nouvo pòsyon otowout yo ki te konstwi pandan premye faz pwojè a. Wout la te louvri pou sikilasyon nan mwa oktòb 2013.

Travay anvan yo te fèt sou konstriksyon nouvo pòsyon otowout kat vwa sou yon distans senk mil ant Watson Creek Road ak ti bouk Presho a, tout andedan Vil Lindley. Travay sa te fini nan fen mwa out 2012.

Haitian Creole

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal epi Prezidan Corning Enterprises, G. Thomas Tranter, Jr. te di konsa, “US15 ki tounen Interstate 99 la se dènye etap la nan kreyasyon yon pòt pou rantre nan rejyon Southern Tier la ki pral ede pote devlopman ekonomik ak touris nan rejyon an. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan reyalizasyon pwojè sa.”

Kongrèsman Tom Reed te di konsa, “Pwojè Interstate sa se yon liy esansyèl anpil yo tap tann depi lontan pou Southern Tier la, ki konekte nou ak vwazen nou Pennsylvania epi ki bay Southern Tier la yon wout pou pi byen vwayaje ak plis sekirite. Depi nan premye chita pale biwo nou an ak delege otowout rejyonal yo, pwojè enfrastrikti sa te idantifye kòm yon priyorite epi mwen fyè pou m wè tout travay ki fèt pou pèmèt pwojè sa rive nan bout li nèt. Tout moun mèt fyè pou pwojè wout sa ki bay travay eki bay Eta New York youn nan wout ki pi enpòtan sou rezo otowout peyi a.”

Senatè Eta a, Tom O’Mara, te di konsa, “Nouvo non esansyèl sa reprezante yon reyalizasyon yo tap tann lontan pou Southern Tier ak eta New York ak Pennsylvania. Se tou yon temwayaj travay di, devouman ak pèseverans pil ak pakèt lidè ak rezidan nan kominote a pandan plizyè lane. I-99 reprezante yon liy esansyèl ki enteresan anpil pou dyòb ak kwasans ekonomik pi devan, ak koridò nò-sid la nou bezwen an pou konplete I-86 la.”

Manm Asanble Phil Palmesano te di konsa, “Reyalizasyon kap fèt la epi nouvo non I-99 la pral kreye opòtinite ekonomik epi amelyore sekirite chofè atravè rejyon Southern Tier la ak Finger Lakes yo. Li pozisyon rejyon an nan sant youn nan koridò nò-sid ki pi esansyèl yo tout kote sou rezo otowout ant diferan eta peyi a.”

Konpayi konstriksyon pou pwojè a se Cold Spring Construction ki nan Akron, Konte Erie.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE